**दिन– रविवार** **दिनांक–29.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे संविधान हमरा सभक लेल मार्गदर्शक अछि आ ई बहुत गर्व के बात अछि जे भारतीय संविधान के छब्बीस जनवरी कऽ पचहत्तरि वर्ष पूरा भऽ रहल अछि। आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे राष्ट्र के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे संविधान समयक हर कसौटी पर खरा उतरल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्ष संविधान दिवस के अवसर पर गतिविधि सभ शुरू भेल अछि जे वर्ष भरि चलैत रहत। ओ कहलनि जे संविधान के विरासत सँ नागरिक सभ के जुड़बाक लेल कॉन्स्टीच्यूशन सेवन फाईव डॉट कॉम के नाम सँ एक विशेष वेबसाईट बनाओल गेल अछि। प्रधानमंत्री मन की बातक श्रोता, बच्चा आ युवा सभ सँ एहि वेबसाईट के देखबाक अनुरोध कयलनि। एहि वेबसाईट पर लोक संविधानक प्रस्तावना पढ़ि सकैत छथि आ अपन वीडियो अपलोड कऽ सकैत छथि। एहि पर भिन्न–भिन्न भाषा सभ मे संविधान के पढ़बाक अवसर सेहो भेटत आ संविधान सँ जुड़ल प्रश्न पुछल जा सकैत अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे अगिला वर्ष तेरह जनवरी सँ प्रयागराज मे महाकुंभ होबए जा रहल अछि। प्रधानमंत्री एहि बात पर गर्व व्यक्त कयलनि जे महाकुंभक विशेषता मात्र एकर विशालता मे नहि अछि अपितु एकर विविधता मे सेहो अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे कुंभ एकताक महाकुंभ सेहो अछि। श्री मोदी लोक सभ सँ महाकुंभ मे भाग लऽकऽ एकता के संकल्प के मजगूत करबाक अनुरोध कयलनि।

---

एनीमेशन के लऽकऽ प्रधानमंत्री एहि बात पर प्रसन्नता जतौलनि जे कृष, तृष आ बाल्टीबॉय, केटीबी बच्च सभ मे एक सुपरहिट एनीमेशन सीरीज अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई सीरीज मात्र भारतीय भाषा मे नहि बल्कि विदेशी भाषा सभ मे प्रसारित होयत अछि। एकरा दुरदर्शनक संग–संग आन ओटीटी प्लेफॉर्म पर देखल जा सकैत अछि। आकाशवाणी सँ एहि सीरीजक प्रसारण प्रत्येक रवि कऽ दिन मे साढ़े दस बजे कयल जायत अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री विश्वक प्रसिद्ध चिकित्सा पत्रिका लेसेंटक अध्ययन सेहो साझा कयलनि जकर अनुसार भारत मे कैंसर के उपचार समय पर शुरू करबाक संभावना काफी बढ़ि गेल अछि। ओ जनौलनि जे समय पर उपचार करबाक अर्थ अछि तीस दिन के भीतर कैंसर रोगीक उपचार आरंभ करब आ आयुष्मान भारत योजना एहि मे पैघ महत्वपूर्ण भूमिका निमाहलक अछि। ओ जोर दऽ कऽ कहलनि जे कैंसर सँ लड़बाक मात्र एकहि मंत्र अछि–जागरूकता, कार्रवाई आ आश्वासन।

———————————————————————

प्रधानमंत्री कहलनि जे जाड़क एहि मौसम मे देश भरि मे खेल आ फिटनेस सँ जुड़ल कतेको गतिविधिक आयोजन कयल जा रहल अछि। ओ एहि बात पर प्रसंन्नता जतौलनि जे लोक फिटनेस के अपन दिनचर्याक भाग बना रहल छथि। प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे दू हजार पच्चीस दस्तक दऽ रहल अछि ओ सभ देशवासी के शुभकामना दैत कहलनि जे हुनका विश्वास अछि जे अबयवला वर्ष मे भारत नव ऊँचाई के छूत। ओ श्रोता सभ सँ अपन अनुठा प्रयास सभ के हैशटैग मन की बातक संग साझा करबाक आग्रह कयलनि।

———————————————————————

भारतीय पुलिस सेवाक पूर्व अधिकारी आ महावीर मंदिर ट्रस्ट पटनाक सचिव आचार्य किशोर कुणाल के आइ भोर हृदयाघात सँ निधन भऽ गेल। ओ चौहत्तरि वर्षक छलाह। धर्म के मानवता आ परमार्थ सँ जोड़बाक पैरोकार किशोर कुणाल धार्मिक ट्रस्टक माध्यम सँ महावीर कैंसर संस्थान, महावीर वात्सल्य अस्पताल सहित कतेको अस्पतालक संचालन करैत छलाह। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आचार्य कुणाल के निधन पर शोक प्रकट कयलनि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरिम संयुक्त प्रारंभिक परीक्षा रद्द कयल जयबाक मांग के लऽकऽ पटनाक गर्दनीबाग मे उम्मीदवार सभक धरना प्रदर्शन बारहम दिन सेहो जारी रहल। एम्हर, अभ्यर्थी सभ आइ प्रशासनक अनुमति नहि होयबाक बादो पटनाक गांधी मैदान मे बैसक कयलनि आ पुनर्परीक्षा करेबाक मांग के लऽकऽ जोरदार प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभागक रिपोर्ट अनुसार आन स्थान सभ पर मौसम शुष्क रहल। एहि दरमियान भोरक काल हल्का सँ मध्यम स्तरक  कुहेस लागल रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलकि जे अगिला दू दिन धरि राज्य भरिक न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक कमीक संभावना अछि।

———————————————————

समाप्त